

8 jiyè 2020

Chè fanmi,

Mwen espere w ap pase yon ete trankil jiska prezan; epi ansante ak ansekirite. Mwen ekri w jodi a pou m pataje enfòmasyon ki enpòtan sou otòn lan, lè lekòl pral rekòmanse pou ane lekòl 2020-2021 an. Nan fen mesaj sa a w ap jwenn enfòmasyon sa yo ki òganize dapre sijè tankou orè lekòl, pwotokòl sante ak prekosyon ak lòt bagay ankò. Tanpri make sa a schools.nyc.gov/returntoschool2020, kote ki gen plis enfòmasyon disponib ke nou pral mete ajou regilyèman pandan n ap avanse pi pre reouvèti lekòl la.

Angajman nou nan sante ak sekirite se priyorite nou nan tousa n ap fè. Se sa ki priyorite nan tranzisyon pou aprantisaj adistans mwa mas pase a, lè nou te konnen fèmen bilding lekòl yo te endispansab pou aplati koub enfeksyon COVID-19 la nan Vil Nouyòk. Li te difisil anpil men oumenm ak pitit ou a te jere sa avèk elegans ak efò epi kominote lekòl la te mete tèt ansanm pou fè li reyisi nan yon fason istorik.

Kounye a, prèske kat mwa apre, angajman nou nan sante ak sekirite pral rete priyorite nou nan nouvo ane lekòl la. Nou sibi tèlman anpil bagay ansanm epi lè n ap gade septanm, nou wè gwo imaj la: kantite ka yo ki kontinye ap ogmante nan peyi a; gid aktyèl otorite Vil, Eta ak Federal yo; ak konsepsyon nou konsènan pandan tandans viris la kontinye ap evolye, gid nou dwe suiv la pral evolye tou. Lè sa rive, nou dwe prepare pou nou adapte nou. Nou resevwa tou plis pase 400 000 repons fanmi ak elèv bay nan yon sondaj ki poze kesyon sou sa yo pi pito ak enkyetid yo pou ane k ap vini an epi opinyon w yo te enpòtan nan planifikasyon nou an.

Imaj sa a ke nou pran ansanm lan mande pou nou kòmanse ane lekòl 2020-21 an yon fason san parèy—paegzanp nouvo pwotokòl sante, distans fizik ak lòt bagay ankò. Pa twonpe tèt ou: Elèv Vil Nouyòk pral toujou aprann 5 jou pa semèn: Yon gwo diferans ki genyen nou prepare pou anseye yo atravè yon modèl aprantisaj ki mik. Aprantisaj mik vle di nou pral anseye elèv yo sou plas nan lekòl yon pati nan semèn lan, epi yo pral lekòl adistans nan lòt jou semèn lan.

Nenpòt fanmi ka chwazi tou aprantisaj adistans sèlman, pou nenpòt rezon. Men nou konnen majorite fanmi yo vle otan enstriksyon nan salklas posib si li ansekite epi nou pral travay pou ogmante l omaksimòm nan chak koub, ki konsistan avèk kondisyon sante ak sekirite yo. N ap kontinye dirije avèk objektif ekite ak ekselans, lè nou bay pitit ou a sa li bezwen pou li briye—ak lè nou rekonèt mwayen ki pral diferan ak chak kamarad li yo, espesyalman nan yon moman kriz. Nou p ap inyore fason viris sa a montre aklè efè sistèm rasis ki nan kominote nou yo. N ap kontinye gade opòtinite pou nou korije dirèkteman inegalite ki nan kò òganizasyon yo— tankou elimine pwoblèm yon pati elèv gen aksè dijital, yon pati pa genyen.

Plan nou yo dwe rapid pou nou ka ajiste ak revize si nesesè, pandan aspè sante piblik la ap kontinye evolye. N ap tann tou konsèy otorite eta Nouyòk la epi nou pral kowòdone avèk li depre depi yo fin publiye l. Tout enfòmasyon ki pi resan yo ap disponib nan schools.nyc.gov/returntoschool2020, epi nan fen lèt sa a gen enfòmasyon ki pi enpòtan pou genyen yo nan moman sa a. Tanpri sonje gid sa a ka chanje pandan kondisyon sante piblik yo ap evolye.

Anfen, mwen vle di mwem kontan anpil epi mwen enkyete menmjan avèk ou. Mwen konnen aprantisaj mik nan salklas ak adistans sanble yon amelyorasyon konpare avèk eksperyans adistans sèlman nou te fè nan twa mwa pase yo, men sa toujou vini avèk plizyè kesyon ak enkyetid. Nou pral travay avèk ou nan chak etap pou reponn kesyon sou orè frè/sè (sibling), transpò, sa k ap rive si gen yon ka ki konfime nan yon lekòl ak lòt bagay ankò. Mwen angaje pou m fè tousa mwen kapab pou fè sa fasil pou ou—epi mwen p ap negosye sante ak sekirite. Mwen toujou di Vil Nouyòk gen pi bon elèv, fanmi ak estaf nan mond lan—epi anyen p ap janm chanje sa. Yon



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

ouvèti lekòl ki sennesof ann otòn ak pi gwo prekosyon tout vil nou an, pral egzije pou nou toujou ap travay ansanm kòm asosye—estaf DOE, fanmi ak elèv. Ansanm nou ka asire ke 1,1 milyon elèv yo—pitit ou yo—ki nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk la resevwa edikasyon yo merite nan anviwònman ki gen plis pwoteksyon, plis sipò posib la.

Avèk senserite,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Richard A. Carranza'. The signature is fluid and cursive, with a large initial 'R' and 'C'.

Richard A. Carranza

Chanselye

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Reouvèti lekòl 2020: Enfòmasyon enpòtan

Oryantasyon jeneral

- Ane lekòl 2020-21 an ap kòmanse nan mwa septanm 2020. N ap anonse detay sou premye jou lekòl la nan semèn k ap vini yo.
- Elèv Vil Nouyòk pral aprann 5 jou pa semèn, kit se an pèsòn nan bilding lekòl yo, kit se adistans.
- N ap bay enstriksyon an pèsòn nan maksimòm plis posib avèk konsèy sante ak pwoteksyon, ladan distans sosyal. Elèv ap retounen nan swa yon modèl aprantisaj miks (yon konbinezon aprantisaj adistans lakay, ak ansèyman anpèsòn nan bilding lekòl yo), oswa yon modèl aprantisaj konplètman adistans lakay ou, si ou chwazi sa.
- Otorite nan zafè sante yo te fè li klè ke suiv pwotokòl sekirite debaz yo se kle pou diminye pwopagasyon COVID-19: distans sosyal, kouvri figi (mask), lave men, epi rete lakay ou lè w malad.

Devlope yon orè pou pitit a

Apati kounye a, avèk konsèy sante ak sekirite aktyèl, nou pa pral kapab gen 100% elèv prezan nan yon bilding lekòl nan okenn jou. Atann pou lekòl ou a kontakte w nan mwa out la konsènan orè espesifik pitit ou a.

Nan modèl aprantisaj miks la, yo pral anseye elèv yo sou plas nan bilding lekòl yo pou yon pati nan semèn lan, epi yo pral aprann adistans nan lòt jou semèn lan.

- Lekòl yo pral chwazi yon orè nan yon kantite modèl limite ki pran an konsiderasyon kontrent espas nan bilding lekòl yo, epi ki bay priyorite konsistans pou paran ak elèv lè y ap fè orè yo.
- Ou ka atann pitit ou a oswa timoun ou yo pou ale lekòl youn oswa de jou ki konsistan pa semèn, ak yon lòt jou anplis anpèsòn nan yon orè wotasyon ki baze sou gwoup oswa pwomosyon klas elèv.
- Lekòl yo ap fè tout efò pou bay yon fason san danje plis enstriksyon an pèsòn posib, epi direktè ou ap fè w konnen orè pitit ou a nan mwa out la.

Nou konnen gen fanmi ki gen dwa pa santi yo alèz pou retounen nan bilding lekòl yo nan otòn lan. Ou ka chwazi aprantisaj adistans sèlman pou pitit ou; yo pral voye yon fòm pou ou sou entènèt 15 jiyè, ki pral pèmèt ou chwazi ki preferans ou avan delè 7 out la. Fanmi ki chwazi aprantisaj a distans konplètman nan kòmansman ane lekòl la ap kapab fè tranzisyon pou retounen nan aprantisaj an pèsòn nan yon baz trimès. Lè ane lekòl la fin kòmanse, fanmi ka chwazi pou yo resevwa aprantisaj adistans konplètman nan nenpòt ki lè.

Nouvo pwotokòl sante ak sekirite

- Tout moun (ladan elèv ak adilt) nan yon bilding lekòl ta dwe rete omwen 6 pye apa tout tan, sa gen ladan nan salklas, zòn komen, ak pandan peryòd manje midi.
- Yo pral mande pou tout elèv, anplwaye, ak vizitè kouvri figi yo pandan y ap andedan bilding yo. Yo pral bay elèv yo ak estaf ki bezwen bagay pou kouvri figi pou jete apre.
 - Y ap fè eksepsyon pou moun ki pa ka mete mask pou rezon devlopman, baze sou laj yo tou.



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

- Elèv ak estaf ap gen plis aksè pou lave men ak dezenfektan. Lekòl yo pral bay ekipman pou netwayaj anplis, ladan dezenfektan pou men ak ti sèvyèt mouye pou dezenfektan.
- Tout lekòl yo pral idantifye yon espas ki gen ekipman tankou yon chanm izolasyon nan ka yon elèv oswa yon manm pèsònèl la vin malad pandan yo nan lekòl la.
- Y ap fè netwayaj bilding nou yo an pwofondè chak swa avèk pilverizatè dezenfektan elektwostatik, epi y ap modènize sistèm HVAC yo pou asire pi bon vantilasyon.

Ekite ak ekselans: Angajman nou san rete

Vizyon nou sou ekite ak ekselans nan edikasyon pou tout elèv kenbe djanm menm pandan tan kriz la. Nou rete fokis nan ede pitit ou a reyalize ekselans akademik lè nou ba li sipò enpòtan sou plan akademik, sosyal-emosyonèl, ak lòt sipò pou debloke tout potansyèl yo pou aprann-kèlkeswa moun yo ye a. Nou rete fokis sou enstriksyon bon kalite, ki adapte pou chak elèv. Anplis, men kèk nan sa nou pral fè pou ede timoun nou yo rive nan pi gwo potansyèl yo:

- Nou pral pèmèt tan pou elèv yo ajiste yo nan bilding lekòl yo, ak pou adapte yo avèk chanjman yo.
- Nou pral entegre aprantisaj sosyal-emosyonèl ak swen ki pran ankòt chòk nan ansèyman debaz akademik, epi tout lekòl leta Vil Nouyòk ap bay priyorite nan aksè pou sipò sante mantal pandan tout ane lekòl 2020-2021 an.
- Pou elèv ki gen IEP yo, nan otòn sa a nou pral kontinye ofri sèvis an pèsòn pou tout moun ki chwazi pou resevwa sèvis an pèsòn nan pi gwo limit posib la.
- Elèv k ap aprann nan plizyè lang ap resevwa yon pwogram ansèyman ki pral asire y ap kontinye fè pwogrè nan devlopman langaj yo ak nan konesans kontni matyè yo.

N ap kenbe w okouran.

Pandan n ap finalize plan pou yon ane lekòl san parèy nan istwa nou, nou konnen ki jan li enpòtan pou elèv nou yo, fanmi yo, ak anplwaye yo gen enfòmasyon yo bezwen pou prepare. Nou konnen pou chak moso enfòmasyon n ap bay, ou ka vin gen plis kesyon. Tanpri ale sou paj wèb Reouvèti lekòl 2020 an nan schools.nyc.gov/returntoschool2020 detanzantan pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo.

Pandan tout sezon ete a nou pral kontinye komnike avèk fanmi, elèv, ak lidè nan kominote a—ni sou plan santral atravè DOE, ni nan chak kominote lekòl.

- Sou plan santral, DOE pral òganize yon seri Sesyon Enfòmasyon pou Fanmi ak Elèv sou entènèt pou reponn nenpòt kesyon oswa enkyetid fanmi ka genyen. Premye nan sesyon sa yo ap fèt 16 jiyè. Plis detay ak yon kalandriye konplè pral disponib nan schools.nyc.gov/returntoschool2020.
- Nou pral konvoke reyinyon kominote, tablewond, seyans brèf avèk ofisyèl eli yo ak lidè Konsèy Edikasyon Kominote yo, ak plis moun ankò.
- Pral gen konsèy espesifik disponib nan yon ti tan ankò pou fanmi ki gen timoun nan pwogram pou debitan ki nan CBO yo.

schools.nyc.gov/returntoschool2020